ku Yàlla namm ci moom aw yiw dana ko nattu

Jële na ñu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : Yónenteb Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «ku Yàlla namm ci moom aw yiw dana ko nattu».

[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Yónent bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xamle ne Yàlla bu nammee aw yiw ci kenn ci jaamam yu gëm yi dana leen nattu ci séen i bakkan ak séen i alal ak séen i njaboot, ngir la ca aji-gëm ji di jële ci dellu ci Yàlla mu kawe mi ak ci di ñaan, ak la ca nekk ci far ay ñaawtéef, ak yëkkatikuy daraja.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/4204